



Pou Piblikasyon Imedya: 24/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**SELEBRE PWOSESÈ NOUYÒK YO: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO CHWAZI PWOSESÈ STEM YO POU REPREZANTE SISTÈM EDIKASYON KLAS MONDYAL ETA NOUYÒK LA**

*Yo chwazi plis pase 175 pwofesè-lidè STEM eksepsyonèl pou enspire pwochen jenerasyon edikatè yo atravè Pwogram Pwofesè Espesyalis la; yo nonmen 27 konseye nan premye Pwogram Konseye Espesyalis la*

*Sa fè pati estrateji konplè Gouvènè Hochul la pou ogmante kantite mendèv pwofesè nan Eta Nouyòk la*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a selebre pwofesè Eta Nouyòk yo atravè seleksyon 177 pwofesè STEM pou Pwogram Pwofesè Espesyalis (Master Teacher Program) Eta Nouyòk la, ansanm ak 27 konseye kòm yon pati nan premye gwoup Pwogram Konseye Espesyalis la. Pwofesè Espesyalis yo ak Konseye Espesyalis yo se lidè nan pwofesyon yo epi y ap sèvi kòm konseye pou elèv yo ak pwofesè ak konseye ki nan kòmansman karyè yo.

"Edikasyon yo jwe yon wòl enpòtan nan prepare pwochen jenerasyon an pou yon avni ki reyisi, non sèlman lè yo anseye yo, men tou lè yo pran swen yo nan chak etap edikasyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m selebre pwofesè ak konseye eksepsyonèl yo k ap gen yon enpak sou elèv Eta Nouyòk yo chak jou. Nou rekonesan anvè edikatè nou yo pou devouman yo anvè timoun Nouyòk yo."

Gouvènè Hochul lanse pwogram pou enspire plis Nouyòkè pou yo rantre nan pwofesyon ansèyman an. Anplis Pwogram Pwofesè Espesyalis Eta Nouyòk la, ki anglobe yon rezo pwofesyonèl ki gen plis pase 1,700 pwofesè lekòl piblik ki gen yon pasyon pou enspire pwochen jenerasyon lidè edikasyonèl yo, pwogram istorik Gouvènè Hochul la, [SUNY Reconnect](#) deziyen tout espri ansèyman nan zòn ki gen mank pwofesè kòm yon domèn ki gen anpil demann.

Pwogram Pwofesè Espesyalis la fèt nan nèf kanpis Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) pou ranfòse ekspètiz kò pwofesè inivèsite ak pwogram preparasyon pwofesè ki egziste deja, epi omològ SUNY yo kolabore regilyèman ak ekspè karyè ak endistri STEM lokal yo.

**Chanselye SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Edikasyon ak konseye yo jwe yon wòl esansyèl nan gide elèv yo nan tout vwayaj akademik yo a, epi SUNY fyè dèske li se pi gwo enstitisyon nan Eta Nouyòk k ap prepare pwochen jenerasyon edikatè yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li rekonèt ekselans Pwofesè Espesyalis Nouyòk yo epi paske li lanse rekonesans Konseye Espesyalis yo a. Efò sa a ede mete aksan sou enpòtans tout pwofesè ak konseye nan eta a pou ede elèv yo reyalize objektif yo nan inivèsite ak karyè."

**Konsèy Administrasyon SUNY te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay pwofesè ak konseye Nouyòk yo. SUNY fyè de pwogram ak estaj li yo pou mete pwofesè ki vle vin pwofesè sou yon chemen siksè elèv yo. Pwofesè nan Eta Nouyòk yo pami pi bon yo, epi nou angaje pou asire ke plis Nouyòkè rejwenn yo."

Nouvo manm Pwogram Pwofesè Espesyalis yo reprezante 151 distri lekòl ak yon Pwofesè Espesyalis oswa yon Konseye Espesyalis pami pwofesè yo, ak 48 manm pwogram ki soti nan distri ki gen gwo bezwen tankou Buffalo, Binghamton, Mount Vernon, Rochester, Schenectady, Syracuse, Utica, Yonkers epi, pou konseye yo, Distri Lekòl Vil Nouyòk la.

Pwofesè Espesyalis yo sipòte elèv yo nan klas K-12 nan domèn syans, teknoloji, syans enfòmasyon, wobotik, pwogramasyon, jeni, matematik ak klas STEM entegre ak edikasyon agrikòl. Anpil nouvo manm Pwofesè Espesyalis ak Konseye Espesyalis te resevwa rekonesans nan men distri lekòl lokal yo ak òganizasyon kominotè yo pou travay yo ak elèv yo.

Plis pase 60 pousan nan nouvo manm yo te nan sal klas la pandan plis pase 10 ane, epi 50 pousan te nan ansèyman pandan 15 ane oswa plis. Gwoup antran Pwofesè Espesyalis yo gen pami yo 25 pousan pwofesè nivo elemantè, 50 pwofesè ki gen plizyè sètifikasyon ansèyman, 28 pwofesè ki sètifye nan Edikasyon Espesyal, kat pwofesè ki gen yon sètifikasyon Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang (English for Speakers of Other Languages, ESOL) oswa Ekstansyon Edikasyon Bileng, epi de pwofesè ki gen yon Sètifikasyon Edikasyon Agrikòl.

Premye gwoup Konseye Espesyalis yo se manm aktif nan asosyasyon pwofesyonèl yo, k ap sèvi nan wòl lidèchip epi ki angaje regilyèman ak endistri lokal yo pou ede elèv yo trase yon chemen pou reyisi. Plis pase mwatye nan Konseye Espesyalis yo te okipe yon wòl konsèy pou plis pase dis ane.

Konseye yo sèvi nan divès wòl nan nivo distri ak nan nivo eta, yo rejwenn pwogram nan kòm lidè ki gen eksperyans ki devwe pou devlope ak pataje pi bon pratik. Plis pase 50 pousan nan Konseye Espesyalis yo gen sètifika adisyonèl oswa fòmasyon NYS, tankou Sèvis pou Moun Andikape ak Konsèy Nasyonal la.

Kantite total pwofesè ak konseye ki soti nan chak rejyon, ak kanpis SUNY patnè respektif la se:

- **Rejyon Kapital:** 236 Pwofesè Espesyalis ak senk Konseye Espesyalis (Inivèsite Eta Nouyòk nan Albany)
- **Nouyòk Santral:** 225 Pwofesè Espesyalis ak senk Konseye Espesyalis (SUNY Cortland)
- **Finger Lakes:** 256 Pwofesè Espesyalis ak 6 Konseye Espesyalis (SUNY Geneseo)
- **Long Island:** 234 Pwofesè Espesyalis ak uit Konseye Espesyalis (Inivèsite Eta Nouyòk nan Stony Brook)
- **Mid-Hudson:** 227 Pwofesè Espesyalis ak 11 Konseye Espesyalis (SUNY New Paltz)
- **Mohawk Valley:** 157 Pwofesè Espesyalis ak sè Konseye Espesyalis (SUNY Oneonta)
- **North Country:** 133 Pwofesè Espesyalis ak nèf Konseye Espesyalis (SUNY Plattsburgh)
- **Southern Tier:** 271 Pwofesè Espesyalis ak nèf Konseye Espesyalis (Inivèsite Eta Nouyòk nan Binghamton)
- **Lwès Nouyòk:** 265 Pwofesè Espesyalis ak nèf Konseye Espesyalis (Inivèsite Eta Nouyòk nan Buffalo)
- **Vil Nouyòk:** 160 Pwofesè Espesyalis (an patenarya ak Math for America) ak nèf Konseye Espesyalis (nan pwogram Eta Nouyòk la)

Pandan kat ane patisipasyon yo nan Pwogram nan, Pwofesè Espesyalis yo ak Konseye Espesyalis yo pral resevwa yon salè 15,000 dola chak ane; angaje nan pwogram konsèy ant yo menm ak opòtinite devlopman pwofesyonèl entansif ki oryante sou kontni pandan tout ane akademik la; travay nan tèt kole ak pwofesè ak konseye ki nan kòmansman karyè yo pou ankouraje yon anviwònman ki bay sipò pou pwochen jenerasyon pwofesè STEM yo; epi patisipe nan reyinyon rejyonal obligatwa yo patisipe ak dirije sesyon devlopman pwofesyonèl chak ane.

Pou aprann plis bagay sou Pwogram Pwofesè Espesyalis la, vizite: [www.suny.edu/masterteacher](http://www.suny.edu/masterteacher).

**Senatè Eta Toby Ann Stavisky te deklare,** "Nouyòk bezwen pwofesè ak konseye nou yo kounye a plis pase avan, epi pwogram sa a rekonèt jis nan ki pwen chay yo pote a lou chak jou. Yo se edikatè, mantò, lidè, ak moun ki rezoud pwoblèm, k ap sipòte elèv yo nan salklas la pandan y ap ede jèn yo navige nan kolèj, karyè, ak lavi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak SUNY paske yo ranfòse pwofesyon an epi asire pwochen jenerasyon Nouyòkè yo jwenn sipò yo merite a."

**Manm Asanble Alicia L. Hyndman te deklare,** "Sistèm edikasyon Nouyòk la se yon ekosistèm, epi koneksyon ant kanpis SUNY nou yo ak salklas K-12 nou yo se batman kè sistèm sa a. Antanke Prezidan Komite sou Edikasyon Siperyè a, mwen felisite Gouvènè Hochul ak Rektè King lan paske yo envesti nan modèl 'Pwofesè Espesyalis' la. Lè nou bay edikatè ki gen eksperyans sa yo pouvwa pou yo konseye pwochen jenerasyon an, nou pa sèlman kenbe talan yo; nou asire ke chak elèv — soti Buffalo

rive Southeast Queens — gen aksè a ansèyman STEM klas mondyal yo bezwen pou yo ka konpetitif nan ekonomi alavni an."

### **Prezantasyon State University of New York (SUNY)**

Inivèsite Eta Nouyòk se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòk yo ap viv nan yon distans 48 km (30 mil) de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory). An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè li yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.16 milya dola nan ane fiskal 2024 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòk ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)